



THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA

600 S.E. 3rd Avenue, Fort Lauderdale, FL 33301 • Office: 754-321-2618 • Fax: 754-321-2701

Office of Academics

Daniel Gohl, Chief Academic Officer

754-321-2618

daniel.gohl@browardschools.com

www.browardschools.com/departments/Academics

The School Board of
Broward County, Florida

Donna P. Korn, Chair
Dr Rosalind Osgood, Vice Chair

Lori Alhadeff
Robin Bartleman
Heather P. Brinkworth
Patricia Good
Laurie Rich Levinson
Ann Murray
Nora Rupert

Robert W. Runcie
Superintendent of Schools

16 Oktòb, 2020

Pou Paran oswa Gadyen,

Bous etid, *The Reading Scholarship*, te kreye pou ede elèv k'ap fè klas twazyèm rive senkyèm ane (grade) e ki gen difikilte nan lekti. Se òganizasyon *Step Up for Students*, ki administre pwogram bous la. Elèv-yo elijib pou yo resevwa \$500, disponib pou premye moun ki vini, se premye ki sèvi. Lajan sa ka debouse pou peye divès sipò pwogram remedyasyon lekti ak entèvansyon efikas nan lekti. Elèv ki elijib yo plase yo selon priorite nan youn nan kategori sa-yo oswa nan tout kategori-yo.

1. Elèv k'ap fè klas 3 rive 5 ane ki anwole nan youn lekòl piblik leta Florid epi fè nòt Nivo 1 oswa 2 nan tès evalyasyon pi resan, *Florida Standards Assessment (FSA)-ELA*, oswa an 2019-20 nou te idantifye elèv ki te gen feblès enpòtan nan lekti baze sou tès nivo lekti epi sou evalyasyon pwogrè kontwòle, elèv sila klase kòm elèv k'ap aprann lang angle (ELL) ki anwole nan youn pwogram oswa yap resevwa sèvis spesyalman adapte pou satisfè bezwen enstriksyon ELL.
2. Elèv k'ap fè klas 3 rive 5 ki anwole nan youn lekòl piblik Florid e ki fè nòt Nivo 1 oswa 2 (Level 1 or 2) nan tès evalyasyon pi resan FSA—ELA oswa diran ane 2019-20 te idantifye kòm elèv ki gen feblès enpòtan nan lekti baze sou tès nivo lekti ak evalyasyon pwogrè kontwòle.
3. Elèv klas 3-5 ki anwole nan youn nan 300 lekòl primè Florid ki pa pèfòman diran ane 2018-19;oubyen
4. Elèv nan klas 3-5 ki anwole nan youn nan lekòl primè Florid ki obteni youn nòt D oswa F nan ane 2018-19.

Paran ki satisfè nenpòt nan kondisyon ki mansyone anwo a, ka aplike pou pwogram-la; itilize fòm aplikasyon ki sou sitweb [Step Up For Students](http://StepUpForStudents.org). Paran ki ta bezwen plis ransèyman, voye youn imel nan adrès elektwonik reading@suifs.org oswa rele nimewo 877- 735-7837.

Lekòl Piblik Broward County (BCPS) pran angajman kolabore ak ou onivo chak klas, epi pandan tout ane a, amelyore nivo lekti ak literasi pitit-ou. Enfòmasyon sou metòd literasi ak estrateji BCPS pou sipòte abitud lekti lakay ou disponib nan lyen sa-yo:

- BCPS Read-At-Home Plan: <http://bit.ly/2Rb2MEZ>
- Supporting Young Learners (Ankadre Apreman ki Jenn):

Nou pa ka tann pou nou wè youn lòt ane plen siksè!

Sensèman,
Daniel Gohl

Chief Academic Officer